# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–04 सितम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

जीएसटी परिषद रोजाना उपयोग के कई गो समानन पर दरन में कटउती के सर्वसम्मति से मंजूरी दे दिहलस, जेहसे जियादेतर समान अउर सेवा सस्ता हो गइल बा। काल्हि नई दिल्ली में जीएसटी परिषद क छप्पनवां बइठकी के बादे केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन मीडिया से बतियावत कहलिनि कि नया दर येह महिन्ना के बाइस तारीख से लागू होई, जवन प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क स्वतंत्रता दिवस पर दिवाली क तोहफा दिहले क वादा के पूरा करे ला। एगो रिपोर्ट–

**जीएसटी में सबसे बड़ी कर कटौती खाद्य पदार्थों, दवाओं, आवश्यक वस्तुओं कृषि उत्पादों हरित ऊर्जा के साथ–साथ छोटी कारों और बाइक पर की गई है। वहीं, व्यक्तिगत जीवन स्वास्थ्य बीमा पॉलिसीयों पर जीएसटी की दर 18: से घटाकर शून्य कर दी गई है इस कदम से स्वास्थ्य बीमा पॉलिसी आम आदमी के लिए सस्ती हो जाएगी और देश में बीमा कवरेज बढ़ेगा। कैंसर और दुर्बल बीमारियों के उपचार सहित 36 जीवन रक्षक दवाओं पर भी जीएसटी शून्य कर दिया गया है इसके अलावा थर्मामीटर और ग्लूकोमीटर सहित नियमित उपयोग की जाने वाले चिकित्सा वस्तुओं पर जीएसटी की दर 12: से घटाकर 5: कर दी गई है। स्वास्थ्य बीमा पर जीएसटी छूट और जीवन रक्षक दवाओं पर जीएसटी की दर में कटौती स्वस्थ भारत समृद्ध भारत बनाने की दिशा में एक निर्णायक कदम है। दीपेंद्र कुमार, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जीएसटी दरन में कइल गइल सुधारन क सराहना कइलें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि सरकार के येह फैसिला से आम लोगिन, किसानन, एमएसएमई, मध्यम वर्ग, महिला अउर नौजवानन के लाभ होई।

केंद्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी कहलें कि जीएसटी परिषद के बइठकी में लिहल गइल फैसिला आम लोगिन, छोटहन कारोबारी आ निर्यातकन बदे राहति ले के आइल हौ।

समाज क करीब सज्जो वर्ग जीएसटी परिषद के फैसिला क स्वागत कइले हौ। जौनपुर के पूर्वांचल विश्वविद्यालय के अर्थशास्त्र क प्रोफेसर विवेक मिश्रा बतवलें कि सरकार के येह कदम से स्वास्थ्य, सिक्षा अउर रोजिगार जइसन क्षेत्रन में बड़हन बदलाव होखे वाला बा।

**जीएसटी दरों में किया गया बदलाव मुक्त कंठ से प्रशंसा योग्य है। इससे न सिर्फ निचले तपके को बहुत राहत मिलेगी, बल्कि टैक्स का भुगतान करने वाले एक बड़े मध्यम वर्ग को बड़ी राहत देने का कार्य सरकार ने किया है।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर औद्योगिक विकास प्राधिकरण क्षेत्र–गीडा में दुइ हजार दुइ सौ एक्यावन करोड़ रूपिया लागति के विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। उहां के गीडा आवासीय योजना अउर औद्योगिक योजना के भूखण्ड के लाभारथियन के आवंटन पत्रो बंटलीं। मुख्यमंत्री येह मौका पर अपने सम्बोधन में कहलें कि सरकार लौह पुरूष भारत रत्न सरदार वल्लभ भाई पटेल जी के नांव पर सौ एकड़ क्षेत्रफल में एक–एक गो एम्प्लॉयमेंट जोन बनायी।

**उस एम्प्लॉयमेंट जोन के माध्यम से हम उत्तर प्रदेश के नौजवान को उसकी रूचि के अनुरूप कार्य देकर के विकसित उत्तर प्रदेश के प्रधानमंत्री जी के विजन को एक मिशन के रूप में लेकर के आगे कार्य करने जा रहे हैं।**

मुख्यमंत्री कहलें कि देस अउर दुनिया क सबसे बढ़ियां निवेस उत्तर प्रदेस के भित्तर आ रहल बा। ओही क नतीजा हौ कि साठि लाख से बेसी नौजवानन के निजी क्षेत्र में रोजिगार अउर नोकरी के साथे जोड़ले में सफलता मिलल हौ।

एहसे पहिले मुख्यमंत्री आजु भिन्नहीं गोरखनाथ मंदिर परिसर में जनता दरसन कार्यक्रम में लोगिन के समेस्या सुनलें। उहां के ओइजा मौजूद अधिकारियन के समेस्या क परभावी निस्तारण क निरदेसो दिहलीं।

**********

भूटान क प्रधानमंत्री दाशो शेरिंग टोबगे बिहने अजोध्या दौरा पर अइहें। ओइजा क जिलाधिकारी निखिल टीकाराम फुंडे बतवलें कि उनके दौरा के ले के सज्जो तइयारी पूरा कइ लिहल गइल बा।

**भूटान गणराज्य के माननीय प्रधानमंत्री का आगमन अयोध्या में हो रहा है और लगभग सुबह साढ़े नौ बजे वो आएँगे उनका रेड कारपेट वेलकम यहाँ पर जो प्रोटोकॉल है उसके तहत होगा उसके पश्चात उनको हम लोग राम जन्म भूमि मंदिर में ले जाएँगे जहाँ वो दर्शन पूजन करेंगे एवं मंदिर का अवलोकन करेंगे, उसके पश्चात उनके सम्मान में एक भोज का आयोजन हम लोगों द्वारा किया गया है।**

**********

प्रदेस सरकार पछिला सालि के तरियन येहू सालि अजोध्या में दिवाली के यादिगार बनावे बदे ''दीपोत्सव दुइ हजार पचीस'' क आयोजन करी। पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह बतवलें कि येह मौका पर पर्यटन विभाग की ओरि से एगो एरियल ड्रोन शो आयोजित कइल जाई। एगो रिपोर्ट–

**अयोध्या में 19 अक्टूबर को भव्य दीपोत्सव का आयोजन किया जाएगा। इस अवसर पर रामनगरी लाखों दीयों की रोशनी से आलोकित होगी। इस आयोजन का उद्देश्य भगवान श्रीराम के अयोध्या आगमन की पौराणिक स्मृतियों को जीवंत करना है। इसके तहत पूरे नगर को आकर्षक रोशनी से सजाया जाएगा और सरयू नदी के घाटों पर लाखों दीप प्रज्जवलित किए जाएंगे। तन्मय सोनी, आकाशवाणी समाचार अयोध्या।**

**********

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में बिहने अउर छौ सितम्बर के कहीं–कहीं जबकि सात से दस सितम्बर के बिच्चे कुछु जगहिनि पर बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ।

**********